

***Efektivitas Biopestisida Limbah Haseup Cair Batok Kalapa Kanggo
Ngendalikeun Hama Bodas Palsu (Cnaphalocrocis medinalis Guenne) di
Ciamis***

Muhammad Vikram

Program Studi Pendidikan Biologi Universitas Pasundan Bandung

Ringkesan

Tujuan tina panalungtikan ieu nyaeta kanggo nguningakeun efektifitas biopestisida limbah haseup cair batok kalapa kanggo ngendalikeun hama bodas palsu (Cnaphalocrocis medinalis Guenne) di Ciamis. Padika dina panalungtikan ieu ngagunakeun padika eksperimen jeugn uji mortalitas. Rarancang panalungtikan ieu nyaeta true experimental design. Panalungtikan ieu ngagunakeun rancangan acak lengkap diwangun ti 3 perlakuan (2%, 5%, dan 8%) sareng 1 kontrol sarta 6 kali pengulangan tina unggal perlakuan jeung diamati saila 3 poe. Sampel panalungtikan ieu ngagunakeun 24 plot sarta masing-masing dibere 6 hama bodas palsu (Cnaphalocrocis medinalis Guenne). Teknik analisis data ngagunakeun teknik deskriptif, dilanjutkeun ku uji ANOVA sarta uji DMRT (Duncan's Multiple Rangen Test) ngagunakeun aplikasi SPSS (Statistical Package for the Social Sciences). Hasil tina panalungtikan ieu teu nunjukeun teu aya nu paeh dina perlakuan 0% (Kontrol), dina konsentrasi 2% rata-rata anu paeh hama bodas palsu nyaeta 64%, konsentrasi 5% rata-rata anu paeh hama bodas palsu nyaeta 83%, sarta konsentrasi 8% rata-rata anu paeh hama bodas palsu nyaeta 100%. Bisa disimpulkeun yen beuki loba pamakean konsentrasi haseup cair batok kalapa bakal beuki efektif kanggo ngendalikeun hama bodas palsu.

Kecap konci: haseup cair, biopestisida, efektifitas, hama bodas palsu (Cnaphalocrocis medinalis Guenne)